



**Aplike nan 3-K, Pre-K, ak Kindergarten pou ane lekòl 2024-2025 lan!**

Chè Nouyòkè,

Nou sèlman nan premye mwa ane 2024 la, men nou deja ap panse sou mwa septanm ak kòmansman [ane lekòl k ap vini an](#), lè nou pral akeyi apeprè 150000 elèv 3-K, pre-K ak kindergarten nan salklas nou yo.

Pou fanmi ki gen elèv k ap vin gen laj twa, kat, oswa senk ane nan ane kalandriye sa a, ou gen yon pakèt opsyon. Konsidere kindergarten kòm yon egzanp. Soti nan pwogram pou elèv ki gen don ak talan kindergarten nan chak distri rive nan pwogram lang doub nan 12 lang diferan, gen yon pakèt opòtinite ou ka gade. Septanm sa a, nou ap ouvri nouvo lekòl primè ak pwogram lang doub nan lang arab, mandaren, ak panyòl; ak lekòl Montessori lekòl leta distri pou premye fwa. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou resous sa yo nan [sitwèb nou an](#).

Pòtfolyo pou [3-K](#) ak [Pre-K](#) nou an gen anpil opsyon menm jan an. Nou bay pwogram nan lekòl distri yo, nan òganizasyon kominotè, nan sant gadri adomisil, ak plis ankò. Pre-K ofri tou pwogram lang doub nan 12 lang, epi fanmi ki elijib gen opsyon pou ni pwogram 3-K ak Pre-K jou pwolonje ni pwogram pandan tout ane a.

Nan Lekòl Leta NYC, nou bay opsyon moun genyen pou yo chwazi valè, se pou sa fanmi ka mete jiska 12 pwogram sou aplikasyon yo. Piske nou fè tout sa nou kapab pou ofri pitit ou a yon plas nan pwogram ou

pi pito a, li enpòtan anpil pou asire ou klase pwogram yo sou aplikasyon an nan vè lòd ou prefere yo a. Jeneralman, nou plase apeprè 95% nan aplikan kindergarten nou yo nan youn nan twa pwogram yo te klase pi wo yo!

Kounye a, se lè pou kòmanse prepare pou ane lekòl kap vini an. Pou fanmi nou yo ki gen elèv k ap antre nan 3-K, Pre-K, oswa kindergarten, mwen ankouraje nou pou gade pwosesis aplikasyon an sou [sitwèb](#) nou an. Delè pou voye aplikasyon kindergarten pou ane lekòl 2024-2025 lan se 19 janvye, epi aplikasyon pou 3-K ak pre-K fèk ouvri nan kòmansman semèn sa a. (Si ou bezwen yon plas pou pitit ou a pou rès ane lekòl *sa a*, ale sou [sitwèb](#) nou an oswa kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center\)](#) pou yo ede w.)

N ap tann pou pou akeyi timoun ou yo nan lekòl nou yo otòn sa a.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

**Videyo aktyalite nou an:**



Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS .

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).